
# Sistema.bio/
# bhuku rekushandisa fotereza

CHENGETEDZA MARI, UITE MARI YAKAWANDA





SISTEMA.bio®
CREATING VALUE FROM WASTE

**www.sistema.bio**

# Zvinyorwa

Dhayagiramu iri richakubatsira kusarudza kuti uchaisa sei biofertilizer mumunda mako.



# ⚠ Nhungamiro

## Kudzivirira njodzi

- Geza maoko nesipo nemvura mushure mekubata biofertilizer.
- Dzivirira vana nemhuka kuti vasapinde mureactor nemugomba rebiofertilizer.
- Mira kuisa biofertilizer kana kwasara mavhiki matatu kuti ukohwe.
- Usape mombe, mbudzi nemakwayi biofertilizer sechikafu.

## Nhungamiro

- Nyatsoona kuti biofertilizer yakavharika pakuchengetedza.
- Kana zvichigoneka, isa biofertilizer kana manyowa pamunotarisira kuti mvura itange kunaya.
- Semutemo, kushandisa 4-8kg dzemanyowa kana 2-20L yebiofertilizer yakaita mvura mvura pa $m^2$ kunoita kuti zvirimwa zvikure zvakanaka.
- Kana wagara uchishandisa fotereza yemakemikari, deredza kuishandisa zvishoma nezvishoma paunotanga kushandisa biofertilizer.
- Ongorora uwandu hwebiofertilizer hunoenderana nevhu nezvirimwa zvako-nhungamiro dzeuwandu pazvirimwa hwakanyorwa muapendekisi.
- Sanganisa biofertilizer nemvura (2:1) kana uchidyara mbeu kana zvirimwa zvidiki uye mira kwemazuva maviri waisa biofertilizer usati wadyara muriwo.

# Kutsanangura mufananidzo

## RUDZI RWEKUISA





Kugadzirwa kwevhu | Kufiritwa kwembeu nemidzi | Kuiswa kwefotereza pazvirimwa





Kumaneja zvipukanana nezvirwere | Zvipfuwo | Kuchengeta hove

## MUENZANISO WEKUSANGANISA




Zvikamu 2 zvemvura : chikamu 1 chebiofertilizer

## MUENZANISO WENZIRA DZEKUISA



Zvikamu 2 zvevhu : chikamu 1 chemanyowa





Zvikamu 4 zvechikafu chemhuka : chikamu 1 chebiofertilizer

## RUDZI RWEBIOFERTILIZER




Manyowa | Biofertilizer

## NZIRA YEKUISA




Mbeu | Mbesa | Zvasanganiswa | Foshoro



Poto | Saga | Gaba rekudiridza | Ivhu



Manyowa | Biofertilizer | Mvura | Chikafu chezvipfuwo

# Nezvebiofertilizer


## BIOFERTILIZER

- Biofertilizer inenge yaibva kana yabuda mureactor.
- Zvisinei, zvirimwa zvakawanda zvinoda kuti biofertilizer itange yasanganiswa nemvura isati yashandiswa.
- Biofertilizer yakaita mvura mvura inotakurika zvinyore nemabhaketi, maBackpack sprayers, mahosipaipi nepombi kana nzira dzekudiridza. Taura nenyanzvi maerano nenzira yemashandisiro yakafanira munda wako.
- Biofertilizer inofanirwa kuvharwa kana yakachengetwa kuitira kuchengetedza manutrients. Inofanirwa kufushirwa nevhu kana nezvinochengetedza mwando kana yaiswa mumunda.

## BIOFERTILIZER YAKAWORESWA


**Kana muchida kuchengetedza biofertilizer kwenguva yakareba, kuiworesa kunokurudzirwa.** Manyowa wakagadzirwa nebiofertilizer unokudza gowo nekunatsiridza ivhu.

Manyowa unogadzirwa nekusanganisa biofertilizer nezvinotevera:




*Zvinoraswa zvemukicheni zvinofanirwa kuchekwachekwa zvisati zvasanganiswa.

# Kugadzirwa kwemanyowa?




## MIRAYIDZO

- **Nguva yekupindura manyowa?**

Zvinokurudzirwa kupindura manyowa kana apisa. Kutarisa kana dutu richipisa, isa tsvimbo mukati. Kana kwapfuura masekondi mashoma, bvisa tsvimbo wobata pamagumo payo, kana pachipisa dutu rinenge rava pedyo nekuibva. Dira mvura kana dutu rakaoma.

- **Manyowa anoita riini?**

Manyowa anenge aita kana ava neruvara rwebhurauni uye achinhuhwirira. Zvichatora mavhiki 8-16, zvichienderana nekupisa nekupindurwa kwedutu.

# Nzira yekuisa

Ichi chikamu chinopa nhungamiro yezvemashandisiro ebiofertilizer kuitira utano wevhu, kukura kwezvirimwa, kuchengetedzwa kwemhuka, nekudzivirirwa kwezvipukanana nezvirwere.

# KUGADZIRWA KWEVHU





**Ivhu rakagadzirwa zvakanaka ndiro hwaro hwegoho rakanaka uye rinoita kuti:** mukohwe pakuru nekunakisa ivhu, mvura inogara muvhu rakagadzirwa zvakanaka uye zvipukanana nezvirwere zvinoita shoma.


Chikamu ichi chinotarisa kugadzirwa kwevhu zvakanaka nebiofertilizer kuitira kudyara zirimwa. Sarudza nzira yakafanirana nemunda wako pachinamatidzwa usati waisa biofertilizer.

## Munda wekudyara

1. *Kugadzira tireyi yembeu*





2. *Kugadzira mubheda wembeu*




## Zvirimwa zvisingaperi (zvakaita semabhanana, kofi, tea, miti yemichero, nemiti yenzungu)

*1. Makomba ekudyara*




## Zvirimwa zvegore negore (semuenzaniso, chibage, mhunga, uye mavheji)


*1. Migero yakavharwa – inoshandiswa kana ivhu risina chikafu chakakwana*





*2. Mix and Mulch – inoshandiswa kana ivhu rakanaka, kuchengetedza utano wevhu*



*3. Makomba ekudyara – akanakira kudyara chibage nemuriwo munzvimbo dzisina mvura yakawanda*




## Nzimbe




---

**Kupera kwechikamu:** cheKUGADZIRWA KWEVHU


# KUFIRITWA KWEMBEU NEMIDZI




**Biofertilizer yemvura inogona kushandiswa kuzora mbeu yezvirimwa nemudzi musati madyara. Mabatiro aya anokurudzira kukura kwembeu uye anodzivirira zvipukanana nezvirwere**. Chikamu ichi chinotarisa zvikurudziro zvekubatwa kwembeu nemudzi musati madyara. Sarudzai mabatiro anoenderana nemunda wenyu. Mashandisiro anoenderana nezvirimwa anowanikwa pachinamatidzwa.

## Zvirimwa zvese (zvisingaperi nezvegore negore)

1. *Kunyorovesa mhodzi*




Siya mbeu inemodzi diki mubiofertlizer kwema awa anosvika 6. Mosiya mbeu inemhodzi hombe kwema awa anosvika 6 - 12. *Kune zvimwemo zvakasiyana pamutemo uyu. Saka tarisai mashandisiro anoenderana nezvirimwa pachinamatidzwa.*

2. *Kunyorovedza mudzi*

Mashandisiro aya akafinira zvirimwa zvisingaperi, zvinodyiwa nemombe, nezvinokura zvisina kudyarwa nembeu.

Siyayi zvirimwa zvinoda ungwaru kwemasekondi anoita 20. Zvirimwa zvinemiti yakawomarara zvinogona




kusiyiwa kwema awa 12. *Kune zvimwemo zvakasiyana pamutemo uyu. Saka tarisai mashandisiro anoenderana nezvirimwa pachinamatidzwa.*

---

**Kupera kwechikamu:** cheKUBATWA KWEMHODZI NEMUDZI


# KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA




**Biofertilizer inekudya kwezvirimwa kwakawanda. Ndo saka yakanakira zvirimwa zvese.** Mirai kuisa fotereza kana kwasara mavhiki matatu kuti mukowe. Chikamu ichi chinopa ruzivo nezvekuisa fotereza muzvirimwa. Sarudza nzira inofambirana nemunda wako. Mashandisiro anoenderana nezvirimwa anowanikwa pachinamatidzwa.

## Zvirimwa zvisingaperi (zvakaita semabhanana, kofi, tea, miti yemichero, nemiti yenzungu)

*1. Bhavhu (rinoshanda panzvimbo yakati sandara)*




*2. Migero yakavharika (inoshanda pamateru)*




## Zvirimwa zvegore negore (sechibage, mupunga, huswa, nemuriwo)


*1. Migero yakavharika*




Chera pakati pemitsara





2 mvura : 1 biofertilizer
KANA 1 manyowa




Vhara nevhu nemarara


*2. Fotereza yetop*




Isa manyowa




Sanganisa nevhu




Dira mvura

3. *Diridza negaba rekudiridza - kunyanya zvirimwa zvakura kuzara munda wese*





Sanganisa 2 mvura : 1 biofertlizer




Isa biofertilizer yakasanganiswa

## Nzimbe nehuswa hunodyiwa nemhuka (seNapier grass kana Brachiaria grass)




## Minda yemashizha eTii nezvimwe zvirimwa zvinokura zvakamanikidzana

Sezvo biofertilizer ichida kusanganiswa nevhu, izvi zvinoita kutizvisave nyore kuisa fotereza mumiti yeTea, nehuswa hwemombe nemupunga.

Pakadaro shandisai paipi ye1-inch kukora kana bhaketi kudira biofertilizer. Paminda yehuswa, biofertilizer inogona kuiswa muchishandisa pompi dzekudiridza. Kana kuti munogona kuchera migero kuitira kuti biofertilizer iyerere. Kana kushandisa pompi.

Taura nenyanzvi maerano nekugadzira migero nemapaipi ekudiridza. Biofertilizer inosanganiswa 1:1 - 1:3 nemvura, kana muchishandisa nzira idzi, kuitira kuti inyatsopinda muvhu, pasarasike chikafu.

## Zvirimwa zvese (zvisingaperi nezvegore negore)

1. *Foliar feeding*




---

**Kupera kwechikamu:** KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA

# KUMANEJA ZVIPUKANANA NEZVIRWERE




**Biofertilizer yakaita mvura mvura inogona kushandiswa semushonga unodzivirira nekurwisa zvipukanana nezvirwere muzvirimwa.** Kunyorovesa mbeu, nekuiswa kwakanaka kwefotereza, kunobatsira kudereresa kushandiswa kwemishonga inouraya zvipukanana. **Musamwaye zvirimwa zvinemaruva. Mirai kumwaya kana kwasara mavhiki matatu kuti mukowe.**

Kuisa biopesticide pamashizha ezvirimwa kunobatsira kudzivirira nekuderedza kuparara kunokonzerwa nezvipukanana nezvirwere pazvirimwa, kwakaita senge:

- Makonye
- Stoku bhora
- Chipfuto
- Inda
- Maspider matsvuku
- Majuru
- Chipfukuto cheMabhanana
- Chipfukuto chechibage
- Chipfukuto chemashizha
- Chipfukuto chemupunga
- Makonye anocheka
- Chipukanana chinooresa mudzi yemadomasi
- Chipukanana cheSoya bhinzi
- Fusarium
- Nhokuvhuvha yomupunga
- Makonye emupunga
- Chakubve chitsvuku
- Chakubve chegorosi
- Bhakitiriya yemabhanana
- Rice sigmoideum
- Chirwere chegorosi cheGibberella
- Nhuta

## Zvirimwa zvese (zvisingaperi nezvegore negore)

1. *Kugadzirwa kweBiopesticide*





**Sarudzo yekutanga:** Mushonga wezvipukanana unogona kugadzirwa nekusanganisa mhiripiri, galiki, nechidzinganhunzi, musati manyorovesa:

**Cheka:**
200g yegaliki
200g yemhiripiri

**Pwanya** chienzaniso che 1 ruoko rwakazara rwe:
Mexican Marigold (Tagetes Minuta)
Mexican Sunflower (Tithonia Diversifolia)

**Sanganisa:** Zvese zvataurwa pamusoro. Isa nechipunu chesipo yokugeza ndiro musaga rebiofertilizer, kuitira kuti ibate mushonga.

## Kuiswa kwebiopesticide pamashizha





**Sarudzo:** Kana musina knapsack sprayer, munogona kumwaya biopesticide nemashizha akanyikwa mumushonga.

---

**Kupera kwechikamu:** KUBATWA KWEZVIPUKANANA NEZVIRWERE

# CHIKAFU CHEZVIPFUWO




**Biofertilizer inogona kushandiswa muchikafu chehuku, nguruve uyezve nekupa hove sechikafu. Kuisa biofertilizer muchikafu chezvipfuwo kunoderedza mutengo wechikafu asi uchikudza nekukoresa zvipfuwo.** Biofertilizer haipiwe yakadaro kumombe, makwayi kana mbudzi.

**Ngwarira!**

Kana muchipa huku, shandisai biofertilizer yemombe nenguruve chete. Kana muchipa nguruve, shandisai biofertilizer yemombe chete.


## Nguruve

Kuwedzera chikafu chenguruve nebiofertilizer kunokoresa nguruve dzako.




*Dzikisa mashandisiro ebiofertilizer kana nguruve dzichiita manyoka. Musape biofertilizer kunguruve dzinorema pasi pe 20kg.*

## Huku




Kuwedzera chikafu chehuku nebiofertilizer kunokonzera kuwanda kwemazai anokwandirwa nehuku. *Dzikisa mashandisiro ebiofertilizer kana mukaona huku dzichiita manyoka.*

## Hove

Biofertilizer chikafu chakanaka kwazvo pahove (kunyanya zvikaya nemuramba) uyezve inokudza zvipuka zvinofarirwa nehove zvakaita sealgae. Zvakakosha kugadzira dziva rehove zvakanaka musati mashandisa biofertilizer sechikafu.

1. *Kugadzirwa kwedziva*




2. *Kupa chikafu*

Musashandisa manyowa asina kusanganiswa kupa hove sezvo achiuraya hove kana akadaro.




---

**Kupera kwechikamu:** KUDYA KWEZVIPFUWO

# Apendikisi: **MASHANDISIRO AKANANGANA NEZVIRIMWA**

Ichi chikamu chinopa ruzivo nezve uwandu webiofertilizer pazvirimwa. Uwandu wakanyorwa apa ndewakawanikana nevarimi pasirose vanoshandisa biofertilizer. Edza biofertilizer yako kuti uone mashandisiro akafanirana nemunda wako. Madaro mozozivisa varimi varimunharaunda yenyu!

### Zviyero

Kurerutsa mashandisiro ebiofertilizer, zviyero zvakaiswa nemiganu irinyore kuverenga.

- Zviyero zvebiofertilizer zvakanyorwa nemigomo (20 litres).




**1 BHAKETI= MARITA 20**

- Nzvimbo ichaiswa biofertilizer yakanyorwa nekuverenga tsoka mumunda mauchadyara - inofungidzirwa kuva mita imwechete.



**NHANHO 1 ± MITA 1**

- Miyero inogona kunyorwa mumabhaketi pasikweya mita (M2). Munogona kushandisa maketi (marita20 litres) kuyera sikweya mita imwe chete, sezviri pamufananidzo unotevera:




### Nhungamiro yemifananidzo



# MIRIWO

Zviyero zvinotevera zvinobva pamazano akabuda pavarimi vairima miriwo inotevera: radish, makaroti, garlic, tsangamidzi, turmeric, mbatatisi, nzungu, bhitiruti, muriwo, kabichi, madomasi, mhiripiri, manhanga, magaka, zucchini, bhinzi, pizi nyemba, gram nesoya bhinzi.
Imbozamai biofertilizer mumunda wenyu kutsvaga mashandisiro anoyenderana nevhu renyu uye nemamiriro ekunze munzvimbo menyu.




*Gadzirisai ivhu kwasara 2 days kuti mudyare*

| | | MIDZI | MIRIWO INE MASHIZHA EGIRINI* | MIRIWO INEMICHERO** | MANHANGA | ZVIRIMWA ZVAKAITA SENYEMBA |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **MIGERO YAKAVHARWA** | | 2-3 MABHAKETI PACHIKAMU | 2-3 MABHAKETI PACHIKAMU | 2-3 MABHAKETI PACHIKAMU | 2-3 MABHAKETI PACHIKAMU | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 |
| | | 1-2 BHAKETI PACHIKAMU | 1-2 BHAKETI PACHIKAMU | 1-2 BHAKETI PACHIKAMU | 1-2 BHAKETI PACHIKAMU | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 |
| **SANGANISA UYE ISA MARARA** | | 2-3 MABHAKETI PAM2 | 2-3 MABHAKETI PAM2 | 2-3 MABHAKETI PAM2 | 2-3 MABHAKETI PAM2 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 |
| **MAKOMBA EKUDYARA** | | - | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | - |
| | | - | 4 MAOKO PAGOMBA | 4 MAOKO PAGOMBA | 4 MAOKO PAGOMBA | - |




| | | MIDZI | MIRIWO INE MASHIZHA EGIRINI* | MIRIWO INEMICHERO** | MANHANGA | ZVIRIMWA ZVAKAITA SENYEMBA |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **MHODZI NYOROVESA** | | MAMINETSI 2O | MAMINETSI 2O | MAMINETSI 3O | MAMINETSI 3O | KUSVIKA MAAWA 24 |




| | | MIDZI | MIRIWO INE MASHIZHA EGIRINI* | MIRIWO INEMICHERO** | MANHANGA | ZVIRIMWA ZVAKAITA SENYEMBA |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **MIGERO YAKAVHARWA** | UWANDU: | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAMATANHO 20 |
| | NGUVA: | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA KUBVA PAMUNOONA RUVA ROKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 45 EGA EGA* |
| **FOTEREZA YETOP** | UWANDU: | - | 4 MAWOKO PACHIRIMWA | 4 MAWOKO PACHIRIMWA | 4 MAWOKO PACHIRIMWA | - |
| | NGUVA: | | *KANA MUCHIDYARA* | *KANA MUCHIDYARA* | *KANA MUCHIDYARA* | - |
| **GABA REKUDIRIDZA** | UWANDU: | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAMATANHO 20 |
| | NGUVA: | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA KUBVA PAMUNOONA RUVA ROKUTANGA* | *PAMAZUVA 15 EGA EGA KANA KWAPFUURA MWEDZI WEKUTANGA* | *PAMAZUVA 45 EGA EGA* |
| **FOLIAR FEEDING** | UWANDU: | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 30-50 |
| | NGUVA: | *PAMWECHETE PAMWAKA* | *PAMWECHETE PAMWAKA* | *PAMWECHETE PAMWAKA* | *PAMWECHETE PAMWAKA* | *PAMWECHETE PAMWAKA* |

Usamwaya zvirimwa mumwedzi wekutanga wekukura kana kuita maruva




| | | MIDZI | MIRIWO INE MASHIZHA EGIRINI* | MIRIWO INEMICHERO** | MANHANGA | ZVIRIMWA ZVAKAITA SENYEMBA |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 | 1 CHIGUBHU PAMATANHO 10-20 |
| | NGUVA: | *KAVIRI KANA KATATU MOSIYANISA NEMAZUVA 20* | *KAVIRI KANA KATATU MOSIYANISA NEMAZUVA 15* | *KATATU KANA KANAMOSIYANISA NEMAZUVA 20* | *KAVIRI KANA KATATU MOSIYANISA NEMAZUVA 15* | *KAVIRI KANA KATATU MOSIYANISA NEMAZUVA 15* |

**CHIRANGARIRO: MIRA KUSHANDISA KANA KWASARA MAVHIKI 3 WEEKS KUTI MUKOHWE.**



**Miriwo yemashizha inosanganisira: letisi, spinachi, kabichi, repi, nebrokoli.*
***Miriwo inemichero inosanganisira: madomasi, eggplanti, nemhiripiri.*

# ZVIYO

Zviyero zvinotevera zvinobva pamazano akabuda pavarimi. Imbozamai biofertilizer mumunda wenyu kutsvaga mashandisiro anoyenderana nevhu renyu uye nemamiriro ekunze munzvimbo menyu.




*Gadzirisai ivhu kwasara 2 days kuti mudyare*







*Usamwaya zvirimwa mumwedzi wekutanga wekukura kana kuita maruva*




| | | CHIBAGE | OATS, GOROSI, BHARI, MAPFUNDE | MUPUNGA | MHUNGA |
|---|---|---|---|---|---|
| **MIGERO YAKAVHARWA** | + | 1 BHAKETI PANHANHO | 1 BHAKETI PANHANHO | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | 1 BHAKETI PAMATANHO 2 |
| | | - | - | 1 BHAKETI PAMATANHO 2 | - |
| **SANGANISA UYE ISA MARARA** | | 2-3 MABHAKETI PAM2 | 2-3 MABHAKETI PAM2 | HAFU YEBHAKETI PAM2 | 2-3 MABHAKETI PAM2 |
| | + | - | - | KOTA YEBHAKETI PAM2 | - |
| **MAKOMBA EKUDYARA** | + | KOTA YEBHAKETI PAGOMBA | KOTA YEBHAKETI PAGOMBA | - | KOTA YEBHAKETI PAGOMBA |
| | | 4 MAOKO PAGOMBA | 4 MAOKO PAGOMBA | - | 4 MAOKO PAGOMBA |
| **MHODZI NYOROVESA** | | MAAWA 8-12 | MAAWA 8-12 | MAAWA 12-48 | MAAWA 8-12 |
| **MIGERO YAKAVHARWA** + | UWANDU: | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 | - | 1 BHAKETI PAM2 | 1 BHAKETI PAZVIKAMU 4 |
| | NGUVA: | *KAVIRI KANA KATATU MOSIYANISA NEMAZUVA 15-20* | - | - | *KAVIRI MOSIYANISA NEMAZUVA 15* |
| **UCHIDIRIDZA NEHOSIPAIPI** KANA KANA + | UWANDU: | - | PASATI PAVA NEMARUVA : 6 MARITA ASANGANISWA (1:5) PAM2 KANA PAVA NEMARUVA : 10 MARITA ISINA KUSANGANISWA PAM2 | 20 MARITA PAM2 | - |
| | NGUVA: | - | - | - | - |
| **FOLIAR FEEDING** + | UWANDU: | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA | 1 CHIBHEGI PAZVIRIMWA 4-6 | 1 CHIBHEGI PAZVIRIMWA 8 | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA |
| | NGUVA: | *KAMWE PAMWEDZI* | *KAVIRI KANA KATATU UNOSIYANISA NEMAZUVA 15* | *KANA KASERE PAMWAKA* | *KAMWE PAMWEDZI* |
| **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA |
| | NGUVA: | PANONETSA ZVIPEMBENE NEZVIRWERE SIPUREYA ZVIRIMWA ZVAKO. | | | |

**CHIRANGARIRO: MIRA KUSHANDISA KANA KWASARA MAVHIKI 3 WEEKS KUTI MUKOHWE.**

# MICHERO

Zviyero zvinotevera zvinobva pamazano akabuda pavarimi. Imbozamai biofertilizer mumunda wenyu kutsvaga mashandisiro anoyenerana nevhu renyu uye nemamiriro ekunze munzvimbo menyu.

| | | | MITI MIDIKI YEMICHERO | MITI YAKAKURA YEMICHERO | MABHERI NEMAGIREPISI |
|---|---|---|---|---|---|
| KUGADZIRWA KWEVHU | **KWEMAZUVA** *2 CHERA MAKOMBA MUMUNDA USATI WADYARA* | | MABHAKETI 2.5 PAGOMBA | MABHAKETI 2.5 PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| | | | KOTA YEBHAKETI PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| KUFIRITWA KWEMBEU NEMIDZI | **KUNYOROVESA MHODZI** | | MAAWA 24 | MAAWA 24 | MAAWA 24 |
| | **KUNYOROVESA DZINDE** | | AWA 1 | AWA 1 | AWA 1 |
| KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA | **MABHESENI YAKAFUKIDZWA MIGERO** *HAPANA KUISA ZVINE MUGANHU PAVHU RINOVAVA.* | GORE REKUTANGA: + | HAFU BHAKETI PACHIRIMWA (1:10) | KOTA BHAKETI PACHIRIMWA (1:5) | KOTA BHAKETI PACHIRIMWA |
| | | GORE RECHIPIRI: + | 1 BHAKETI PACHIRIMWA (1:1) | 1 BHAKETI PACHIRIMWA (1:1) | |
| | | PASHURE PEGORE RECHIPIRI: | 2.5 MABHAKETI PACHIRIMWA | 2.5 MABHAKETI PACHIRIMWA | |
| | | NGUVA: | KAMWE MWAKA USATI WATANGA | | |
| | **FOLIAR FEEDING** + | UWANDU: | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA | 4 ZVIBHEGI PACHIRIMWA PAMAKORE 3 EKUTANGA KOZOUYA, 1 CHIBHEGI | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PANOPERA KUITA MARUVA |
| KUMANEJA ZVIPUKANANA NEZVIRWERE | **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA | 1 CHIBHEGI PACHIRIMWA | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PANOPERA KUITA MARUVA |

| | | | BHANANA | CHINANAZI | CITRUS |
|---|---|---|---|---|---|
| KUGADZIRWA KWEVHU | **MUNDA MAKOMBA** | | MABHAKETI 2.5 PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| | | | 1 BHAKETI PAGOMBA | KOTA YEBHAKETI PAGOMBA | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| KUFIRITWA KWEMBEU NEMIDZI | **KUNYOROVESA DZINDE** | | AWA 1 | AWA 1 | AWA 1 |
| KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA | **MABHESENI YAKAFUKIDZWA MIGERO** *HAPANA KUISA ZVINE MUGANHU PAVHU RINOVAVA.* | UWANDU NENGUVA: | 0.5-2.5 MABHAKETI PACHIRIMWA PAMAZUVA 15 EGA EGA | 0.5-2.5 MABHAKETI PACHIRIMWA PAMAZUVA 15 EGA EGA | GORE REKUTANGA: BHAKETI PACHIRIMWA GORE RECHIPIRI: 1 BHAKETI PACHIRIMWA, PANOPERA GORE RECHIPIRI: MABHAKETI 1-4 PACHIRIMWA |
| KUMANEJA ZVIPUKANANA NEZVIRWERE | **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA | HAFU YECHIBHEGI PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PASATI PAITA MARUVA KANA KUTI PANOTANGA KUITA MICHERO | PANOPERA KUITA MARUVA |

**CHIRANGARIRO: MIRA KUSHANDISA KANA KWASARA MAVHIKI 3 WEEKS KUTI MUKOHWE.**

# KOFI

Zviyero zvinotevera zvinobva pamazano akabuda pavarimi. Imbozamai biofertilizer mumunda wenyu kutsvaga mashandisiro anoyenderana nevhu renyu uye nemamiriro ekunze munzvimbo menyu.

| | | | KOFI |
|---|---|---|---|
| KUGADZIRWA KWEVHU | **KWEMAZUVA** *2 CHERA MAKOMBA MUMUNDA USATI WADYARA* | | MABHAKETI 2.5 PAGOMBA |
| | | | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| | **KUNYOROVESA MHODZI** | | MAAWA 24 |
| KUFIRITWA KWEMBEU NEMIDZI | **MABHESENI YAKAFUKIDZWA MIGERO** *HAPANA KUISA ZVINE MUGANHU PAVHU RINOVAVA.* | UWANDU: | 1 BHAKETI PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | KAMWE MWAKA USATI WATANGA |
| KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA | **KUDIRIDZA NEHOSI PAIPI** KANA KANA + | UWANDU: | - |
| | | NGUVA: | |
| *Usamwaya zvirimwa mumwedzi wekutanga wekukura kana kuita maruva* | **FOLIAR FEEDING** + | UWANDU: | 1⁄2 CHIBHEGI PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | PAMAVHIKI 2-3 EGA EGA PASHURE PEKUITA MARUVA |
| KUMANEJA ZVIPUKANANA NEZVIRWERE | **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | *1⁄2 CHIBHEGI PACHIRIMWA* |
| | | NGUVA: | *PANONETSA ZVIPEMBENE NEZVIRWERE SIPUREYA ZVIRIMWA ZVAKO.* |

# TII

| | | | TII |
|---|---|---|---|
| KUGADZIRWA KWEVHU | **KWEMAZUVA** *2 CHERA MAKOMBA MUMUNDA USATI WADYARA* | | 1 BHAKETI PAMAKOMBA 4 |
| | | | 1 BHAKETI PAGOMBA |
| | **KUNYOROVESA MHODZI** | | - |
| KUFIRITWA KWEMBEU NEMIDZI | **MABHESENI YAKAFUKIDZWA MIGERO** *HAPANA KUISA ZVINE MUGANHU PAVHU RINOVAVA.* | UWANDU: | - |
| | | NGUVA: | - |
| KUISWA KWEFOTEREZA PAZVIRIMWA | **KUDIRIDZA NEHOSI PAIPI** KANA KANA + | UWANDU: | 5 MARITA PACHIRIMWA |
| | | NGUVA: | |
| *Musamwaya zvirimwa zviri mumwedzi wekutanga wekukura* | **FOLIAR FEEDING** + | UWANDU: | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30 |
| | | NGUVA: | WOSIYANISA NEMAZUVA 15 |
| KUMANEJA ZVIPUKANANA NEZVIRWERE | **SIPUREYI YEMASHIZHA** | UWANDU: | *1 BHAKETI PAMATANHO 30* |
| | | NGUVA: | *PANONETSA ZVIPEMBENE NEZVIRWERE SIPUREYA ZVIRIMWA ZVAKO.* |

**CHIRANGARIRO: MIRA KUSHANDISA KANA KWASARA MAVHIKI 3 WEEKS KUTI MUKOHWE.**

# FODYA

*Gadzirisai ivhu kwasara 2 days kuti mudyare*










| MIGERO YAKAVHARWA | MAKOMBA EKUDYARA | MIGERO YAKAVHARWA | SIPUREYI YEMASHIZHA |
|---|---|---|---|
| 2.5 MABHAKETI PANHANHO | 4 MAOKO PAGOMBA | 1 BHAKETI PAMATANHO MANA PAMAZUVA 15 EGA EGA | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30, PAMWEDZI |

# NZIMBE




*Gadzirisai ivhu kwasara 2 days kuti mudyare*







*Usamwaya zvirimwa mumwedzi wekutanga wekukura kana kuita maruva*

| SANGANISA UYE ISA MARARA | MIGERO YAKAVHARWA | SIPUREYI YEMASHIZHA |
|---|---|---|
| KOTA YEBHAKETI PAM2 | HAFU BHAKETI PAM2, PAVHIKI RECHIPIRI REGA REGA | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30, WOSIYANISA NEMAZUVA 15 |

# ZVIRIMWA ZVINODYIWA NEZVIPFUWO

(se napier grass kana bracharia grass)

Zviyero zvinotevera zvinobva pamazano akabuda pavarimi. Imbozamai biofertilizer mumunda wenyu kutsvaga mashandisiro anoyenderana nevhu renyu uye nemamiriro ekunze munzvimbo menyu.










| | | |
|---|---|---|
| **MIGERO YAKAVHARWA** | | 1 BHAKETI PAMATANHO 2 |
| | | 1 BHAKETI PAMATANHO 2 |
| **KUNYOROVEDZA MUDZI** | | MAAWA 8 |
| **MABHESENI YAKAFUKIDZWA MIGERO** | UWANDU: | 1 BHAKETI PAMATANHO 2 |
| *HAPANA KUISA ZVINE MUGANHU PAVHU RINOVAVA.* | NGUVA: | KAMWE PAVHIKI |
| **KUDIRIDZA NEHOSI PAIPI** KANA ... KANA | UWANDU: | 20 MARITA PAMATANHO 2 |
| | NGUVA: | KAMWE PAVHIKI |
| **FOLIAR FEEDING** | UWANDU: | 1 CHIBHEGI PAMATANHO 30-50 EGA EGA |
| | NGUVA: | MAVHIKI 2 EGA EGA |

*Usamwaya zvirimwa mumwedzi wekutanga wekukura kana kuita maruva*

**CHIRANGARIRO: MIRA KUSHANDISA KANA KWASARA MAVHIKI 3 WEEKS KUTI MUKOHWE.**

# Ungafarira here kuva Murimi mukuru we Sistema.bio/fertilizer?

Bvunza nyanzvi nezvedzidziso yakadzama maerano ne:

Kugadzira manyowa|Chikafu chezvipfuwo|
Kuchengetwa kwehove|Kuchengetwa kwemakonye

Kana muchida ruzivo rwakawanda nezvebiofertilizer, bvunzai nyanzvi dzedu kuti dzikutapuririrei maerano nekubudirira kwevamwe!

**BATAI:**

rumwe ruzivo:
**www.sistema.bio**

#CreatingValueFromWaste
**Sistema.bio**

**Batai ari pedyo nemi:**